**Приложение №4**
**к проекту «Къонахчун лар»**

# Г1уллакхан ловзар:
# «Берийн бешахь нохчийн меттан къамел кхиор»

**Музыкальни куьйгалхо Солтыгова М. А.**

Де дика дойла шун, хьомсара белхан накъостий! Вай тахана гулделла берийн бешахь нохчийн меттан къамел кхиорна лерина долчу г1уллакхан ловзаре.

Цунах вайн белхалошка пайда эцийта а, шайн хаамаш карлабаха а, берашна д1ахьехийта. Къаьсттина тахана д1ахьур йолу коьчал Даймахках, къоман турпалхойх лаьцна хира йу. Х1ара цхьанакхетар д1адоло лаьа суна Сулейманов Ахьмадан «Къонаха мила ву?» ц1е йолчу байтаца:

«Къонаха мила ву? И меллалц веха?»-
Хьаьттира ахь соьга шуьнехь 1аш вай.
-Дерриг а дуьне ду къонахчун меха.
Х1ара дуьне-м къонахийн белшаш т1ехь дай.

Ламанца дин лелац, ца хилча ленаш,
Уьш кхачаделлачохь соцуш бук хин…
Иштта бу къонахий, х1ара дуьне латтош.
Къонахий д1абоьвлча-духур ду и.

**Х1окху г1уллакхан ловзаран коьрта 1алашонаш:**

1. Берашна ненан мотт бовзийтар, цуьнга марзо кхоллайалийтар, ц1ена бийца 1амор.
2. Берийн бешара белхалошна а, берашна а нохчийн къоман башкаллех, исторехь г1арабоьвллачу къонахойх, турпалхойх болу хаамаш т1еч1аг1бар, карлабахар.
3. Харачойн Зеламхин хаза хилла долу г1иллакхашка, цуьнан дахаре лерам кхиор.

Хьомсара белхан накъостий, шу шина тобане декъадала деза х1инца, х1ора тобано шена ц1е тилла а йеза.

Схьагуш долчу суьртийн тидам а бай, жоп ло: стенца доьзна ду х1ара суьрташ? (Суьрташ Даймахкаца доьзна ду) Шу муха кхета «Даймохк» бохучу дашах? (Декъахоша жоьпаш ло)

Кхин д1а кхочушдийр дув ай т1едахкарш.

**Хьалхара т1едиллар:**

Дешнех киცанаш цхьанатоха:

Хьалхара тоба:

1. Пхьидо, 1ам,хестабо,дикачу, шен.
2. Сий, Даймехкан,ду, лардечо, шен,лардийр, сий, ду.
3. Туьмане, йахье, эппаза, кхаьчна, даьлла.
4. Салтичух, эпсар, сатоьхначу,хилла.
5. Мохк, мазал, мерза, бу, вина.

Шолг1а тоба:

1. Къонаха, къам, дац, вац, къонахий, доцург, бийца, боцург, къам.
2. Къонаха, говр, собарца, боларца, йоьвзу.
3. Аьрзу, ца йо, мохк, тергал, боцу, къиго, а.
4. Эла, нехан, хуьлучул, лай, шен, тоьлу, махкахь, махкахь, хилар.
5. Бежана, ц1ийнах, берзан, карийна, идда, багахь.

**Шолг1а т1едиллар:**

Тидам бе слайдин. Цу т1ерачу суьрташка а хьовсуш, нохчийн къоман турпалхойн ц1ераш йийца.

**Хьалхара тоба:**
Дадин Айбика,
Харачойн Зеламха,
Бенойн Бойсаг1ар,
Гиххойн Таймасха,
Нурадилов Ханпаша

**Шолг1а тоба**
Таймин Биболат,
Кадыров Ахьмад-Хьаж
Шерипов Асланбек
Гиххойн Таймасха
Эвтархойн Ахьмад

**Кхоалг1а т1едиллар:**

Ткъа х1инца вай хьовса таро хир йу, нохчийн шира иллеш доьвзий шуна. (Мукъаме ла а дуг1уш, декъахоша илли д1аолу, дукха жоьпаш делла тоба тоьлла лору.)

1. «Чергази»
2. «Даймохк»
3. Зезаг ду бацалахь лепаш»
4. «К1айн дари коч ма йохалахь»
5. «Йолахьа соьга, Деши»
6. «К1айн дуьне»
7. «Бераш, бераш»

**Доьалг1а т1едиллар:**

«Х1етал-метал хаийла шуна…» Ладог1а, нийса жоьпаш ло.

Хьалхара тоба:

1.Биъ ловзуш берг, шиъ 1уттуш. (Йетт)

2.Когаш а бац, т1емаш ду, хьоза санна, бодуш бац (Ч1ара)

3. Хина-т1ай, некъана-накъост.

Шолг1а тоба:

1.Вайн хина йисттера къорза бохча. (Пхьид)

2. Тхоьвна йистте оллайелла ах сискал. (Бутт)

3. Дийнахь эла, буьйсанна лай. (Ж1аьла)

Ишттачу кицанаша, их1етал-металша бераш къамел кхиорехь а, моттшера бийца 1аморехь а совдоху.

**Пхьоьалг1а т1едиллар:**

Дикка ладог1а дийцаршка. Ла а дог1ий, муьлхачу турпалхочух лаьцна дуьйцу т1аьхьакхиъа.

Дукха жоьпаш делла йолу тоба тоьлуш йу.

1.Дади-йуьртара дог майра йолу турпалхо, мостаг1чун йийсаре ца йаг1а, шеца цхьаьна 45 йо1 а йуьгуш, Терка чу иккхина йолу. (Дадин Айбика)

2. Паччахьан эскаршкарчу салташа «экха» аьлла ц1е тиллина йолу, итт шарахь сов шен тобанца Нохчийчоьнан маршонна дуьхьа т1емаш бина йолу, иштта, т1аьххьарчу т1амехь кхетамчуьра йаллалц лаза а йина, йуха Ставрополе д1айигина йолу дог-майра къонаха. Шен дисина дахар Гих-чохь д1атекхна йолу. Мила йу иза? (Гиххойн Таймасха)

3. Билтойн к1отарахь вина волу, ч1ургийн говзанчуьнан к1ант. Шен доттаг1чух ч1ир оьцуш 11 г1алг1азкхийн салти вийна цо. Нохчашна хьалха а ваьлла, Кавказ д1алаца цига йеанчу Россин императа къийсам латтийна волу турпалхо.

Гуьрж-махка йадийна йолу шен йиша а схьайаьккхина, шеца накъосталлийна ца баьхкинарш йуьртах а бохуш. Мила ву вуьйцург? (Таймин Биболат)

4. Вайн махкахь г1араваьлла воьвзуш хилла волу обарг. 1аьржачу аматехь а волуш, ц1ен йогуш беснеш а йолуш, буьрса девлла дакххийн мекхаш а долуш хилла волу турпалхо. Бехкбоцуш 1едало бехке а бина, шен деца, вешин шина к1антаца набахти чувоьллина хилла волу. Амма цигара сиха ведира иза. Т1ейеана йолу харцо бахьанехь обарг а ваьлла лелла ву иза. Т1ехмайра, доьналла долуш, тешаме хилла и. Хьенах лаьцна дуьйцу? (Обарг Зеламха)

5. Сийлахь-Боккхачу т1амехь шен пулеметца дуккха а салтий х1аллакбина волу нохчийн турпалхо. (Ханпаша Нурадилов)

Х1ара цхьанакзетар д1адерзош, вай сада1аран минот д1ахьур йу, т1арг1а къажбен илли а олуш. Иштта миноташ д1акхехьа мегар ду берашца. Берашна нохчийн шира иллеш довзар а хир ду; т1арг1а къажбарх тера п1елгийн ловзар кхиор а хир ду.

Декъахоша илли а олуш, т1арг1а къежбо. Дукха т1арг1а къежбина хилла йолу тоба тоьлла лоруш йу.

Т1аьххьара ала лаьар дара суна, иштта берашца нохчийн меттан къамел кхиоран белхаш деш, шайгн зеделларг хьоьхуш, дубйцуш, вайн аьтто хир бара берийн бешахь берашна нохчийн мотт д1ахьеха, ненан мотт бийцарехь уьш совбаха а. Ненан мотт вайна а, вайн берашна а ца хаьа, бицбан йиш йолуш бац. Т1екхуьучу т1аьхьенна гнохчийн мотт бовзийта., безийта берийн бешахь къахьега дехаш ду вай. Ткъа х1инца сан дехар ду шоьга, шайна кху цхьангакхетарх баьлла болу пайда бийцар.